

PWOBLÈM KI GEN RAPÒ A DÈT KONSOMATÈ

M pa kapab peye machin mwen e m bezwen machin nan pou m ale travay. Ki èd ki genyen pou mwen?

Premyèman, rele konpayi ki finanse machin nan osito posib epi mande si gen kèk pwogram pou ki ou kalifye. Pa ekzanp, li posib pou l diminiye nan peman machin nan oswa pèmèt ou sote yon peman epi ajoute l nan fen prè a. Li kapab ofri pou refinance prè ou a ak yon to denterè ki pi ba ki va diminye peman ou yo. Men sepandan, asire w, ke ou konnen si konpayi ki finanse machin nan ap pwolonje kantite mwa pou w fin peye prè a – pa ekzanp prè 5-ane ou a refinance a yon prè 7-ane.

M te konn peye prè etidyan mwen men kounye a ke m pèdi travay mwen, se lwaye ak manje ki priyorite m. Kisa mwen kapab fè a pwopo prè etidyan mwen an chak mwa?

Li posib ke ou gen dwa a kèk asistans, men sa depann de ki kalite prè etidyan ou genyen. Prè Federal yo otomatikman jwenn yon abstansyon administratif, sa ki pèmèt ou sispann fè peman chak mwa tanporèman. Sispannyon sa va dire jiska 31 out, 2022. To denterè a se 0% jiska 31 out, 2022 sou prè federal ki an règ ou ki pa an règ.

Sit entènèt sa bay plis enfòmasyon sou òf Depatman Edikasyon: <https://studentaid.gov/announcements-events/coronavirus>.

Prè prive yo trete yon lòt jan. Si w gen yon prè ki prive, kontakte administratè prè ou a imedyatman pou wè ki opsyon ki disponib pou wou.

M pat an mezi peye ipotèk kay mwen pandan pandemi an. Kisa m ta dwe fè?

Si w gen yon ipotèk FHA, VA, oswa USDA, oswa yon ipotèk ak Fannie Mae ou Freddie Mac, gouvènman federal te mete yon moratoryòm sou poze sele jiska 31 jiyè 2021. Depi lè sa poze sele sou tip ipotèk sa yo kontinye. Poze sele sou ipotèk ki pa gen sipò federal yo pa te janm sispann ofisyèlman.

Te gen yon fason pou w te sispann fè peman oswa pou te w te sispann yon pwoze poze sele—menm si moratoryòm nan te ekspire—se te pou te mande konpayi ipotèk la yon “abstansyon”. Sa te aplike sèlman sou ipotèk ki te gen sipò federal jan sa dekri anlè a. Men sepandan, delè pou mande abstansyon an ekspire deja.

Men, si w te mande pou yon abstansyon nan delà yo te pèmèt la, dat abstansyon ou a ap fini an va depann de lè ou te premye fè demand la. Maksimòm yo pèmèt se te 18 mwa antou pou tout kalite ekstansyon posib.

Si w te resevwa yon abstansyon, konpayi ipotèk ou a pa kapab fè w ranbouse ankenn nan peman masyèl ou te rate yo. Yo dwe evalye sitiyasyon w pou detèmine si w kapab peye mwa ou rate yo a travè yon plan ranbouseman oswa yon modifikasyon prè a. Gen kèk moun ki kapab apwouve pou defere peman yo, sa ki vle di ke peman ou te rate pandan abstansyon ou a defere pou lè kay ou a vann, refinanse, oswa ke ipotèk li rive a matirite. Anvan abstansyon ou a fini, konpayi ipotèk ou a dwe kominike avè w pou fè w konnen kijan w ap ranbouse peman ou te rate yo.